




NYC Open Streets



Apèsi

Pwogram Open Streets Vil New York la fè lari yo tounen espas piblik ki louvri pou tout moun. Transfòmasyon sa yo pèmèt reyalizasyon yon seri aktivite k ap bon pou devlopman ekonomik, soutni lekòl yo, epi bay nouvo mwayen pou abitan New York yo pwofite pwogram kiltirèl yo epi konstwi kominote a. NYC DOT travay ak òganizasyon kominotè yo, enstitisyon ansèyman yo, ak gwoup antrepriz yo pou Open Streets reyalize nan tout vil la. Gen twa (3) kalite Open Streets:


Aksè Limite nan Lokal yo



Nou chwazi lari pou pyeton ak siklis yo ka itilize ak amize yo. Aksè machin lokal otorize pou itilizasyon limite. Nou konseye chofè yo pou yo pran anpil prekosyon epi kondwi 5 MPH oswa pi dousman sou Open Streets yo. Machin pa ka pase pandan Open Streets ap fèt. Se sèlman machin ki dwe fè bagay sa yo ki gen dwa sou lari a:

- Pakin (tout règleman aplike)
- Vin chèche/depoze
- Livrezon lokal
- Machin ijans
- Aksè pou moun andikape (Access-A-Ride)
- Machin sèvis piblik
- Machin sèvis minisipal

Fèmten nèt ak Fèmten nèt: Lekòl yo



Fèmten nèt pou yon ti tan pèmèt yon seri aktivite san machin ki kore biznis lokal yo epi kreye yon kote san danje pou rezidan New York yo rasanble. Open Streets sa yo sipòte plizyè aktivite, ki gen ladan manje deyò, aprantisaj, ak pwogram kominotè. Pa gen aksè machin epi pa gen pakin otorize lè nou Fèmten nèt pou yo ti tan. Yon liy ijans 15 pye dwe lib toutan, pou aksè machin pandan yon ijans.

Tanpri al gade nan nyc.gov/openstreets pou jwenn plis enfòmasyon.

